

FÒM KONSANTMAN POU LIBERE ENFÒMASYON POU EDIKASYON ESPEYAL AK SÈVIS KI GEN RAPÒ

SIPÒTE AKSÈ POU BENEFIS/ASIRANS PIBLIK

NON ELÈV LA:	DAT NESANS ELÈV LA:
DISTRI LEKÒL/LEKÒL PIBLIK ENDEPANDAN:	

Mwen, nan dokiman sa a, otorize lekòl sa a _____ pou libere dosye ak enfòmasyon elèv sa a bay Medicaid pou ka voye bòdwo pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo ke yo te gendwa bay elèv sa a selon 34 CFR part 300 an.

Lè mwen tcheke WI epi siyen dokiman otorizasyon sa a, mwen konprann e dakò ke:

- Siyati mwen sou fòm sa a pèmèt lekòl ki mansyone anwo a ak/oswa distri lekòl/lekòl piblik endepandan pou itilize benefis oswa enfòmasyon asirans elèv sa ak/oswa pa mwen yo pou peye pou sèvis yo selon 34 CFR part 300 an ki dekri sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo selon Lwa Edikasyon pou Moun ki gen Andikap yo;
- Siyati mwen volontè ak sèvis yo pa depann de otorizasyon mwen;
- Siyati mwen valab jiska tan li anile a;
- Mwen ka anile apwobasyon mwen an nenpòt kilè lè mwen ekri ajans prensipal la, anilasyon an pral valab apati lè nou resevwa li a, men sa pa pral afekte aksyon ki te pran anvan resepsyon anilasyon an;
- Mwen gen dwa pou mande ak resevwa nan men distri lekòl la oswa lekòl piblik endepandan an yon kopi dosye yo te bay Medicaid la; ak
- Mwen gen dwa pou resevwa yon kopi fòm konsantman sa a.
- Mande itilize lajan sa a PA afekte dwa elèv la/dwa ou pou jwenn yon edikasyon piblik ki jis e apwopriye epi li pa koute ou menm oswa fanmi ou lajan. P ap gen ko-peman, p ap gen pèt pou kalifikasyon pou Medicaid e p ap gen enpak sou benefis Medicaid yo pandan tout lavi akoz konsantman sa a.

Lè ou tcheke NON epi siyen dokiman sa a, mwen refize itilizasyon lajan sa a.

- Mwen konprann mwen gen dwa pou refize pèmision pou itilize lajan sa a pou peye pou sèvis yo selon 34 CFR part 300 an, ki se sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò dapre Lwa Edikasyon pou Moun ki Andikape yo.

<input type="checkbox"/> WI mwen bay lekòl la pèmision pou pataje edikasyon ak enfòmasyon sou sante elèv sa a avèk Medicaid, sa gen ladann enfòmasyon pou bòdwo yo.
<input type="checkbox"/> NON mwen pa bay lekòl la pèmision pou pataje edikasyon ak enfòmasyon sou sante elèv sa a avèk Medicaid
Siyen pa (tcheke youn sèlman): <input type="checkbox"/> Elèv (si li gen plis pase 18 an) <input type="checkbox"/> Paran <input type="checkbox"/> Responsab <input type="checkbox"/> Gadyen
Siyati elèv la (si li gen plis pase 18 an) _____
Non an lèt detache: _____ Dat: _____
Siyati paran/responsab (si elèv la gen mwens pase 18 an): _____
Non an lèt detache: _____ Dat: _____